# BAQSÍ, JÍRAWSHÍLÍQ HÁM MUZÍKA KÓRKEM ÓNERINIŃ RAWAJLANÍW TARIYXÍNAN

**Saparbaev Azamat**
ÓzMKÓMI Nókis filialı studenti
**Ilimiy basshı: Aximbetova Gulbaxar Kanatbaevna**
ÓzMKÓMI Nókis filialı professorı

**El aralap palwan, jıraw qıssaxan**
**Qural etip duwtar, ǵobız uslaǵan**
**Dástan aytsa aytıs sonnan baslaǵan**
**Jiyen jırawlardıń áwladınanman**

**Annotatsiya:** maqalada baqsı, jırawshılıq hám muzıka kórkem ónerinıń rawajlanıw tariyxı haqqında sóz júritiledi.
**Gilt sózler:** xalıq dóretiwshiligi, muzıka, kórkem óner, doretiwshilik.
**Аннотация:** В статье говорится об истории развития искусства бакси, джиров и музыки.
**Ключевые слова:** народное творчество, музыка, искусство, творчество.

Xalqımızdıń danalıǵına, dóretiwshiligine qanshellı tásiyn aytsaqta azday seziledi. Qaralqalpaq folklorınday 100 tomlıq biybaha mánáwiy baylıq dúnyada hesh bir elde joq. Bul basqıshtı basıp ótiw jolında ne bir sózge sheshen, qollarına naǵıs pitken Musa baqsıday biyik lapızlı, Jiyen jırawday talmas ǵayrat iyeleri bizlerdiń babalarımız ekeninen shin kewilden maqtanısh sezimin sezip turamız.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev: "Ótken jılı qaraqalpaqstanlıq alımlar tárepinen 100 tomnan ibarat "Qaraqalpaq folklorı" baspadan shiǵarılǵanı, hesh gúdiksiz, úlken miynet jemisidur. Endigi wazıypa áne usınday siyrek ushırasatuǵın mánáwıy baylıq jas áwladımız qálbinen tereń orın alıwı ushın perzentlerimizdiń kitapqumarlıq mádeniyatın asırıwdan ibarat" degen edi. Biz jaslar babalarımız miyrasın asırap abaylawǵa, sap halında keleshekke jetkeriwdi maqsetimiz dep bilemiz.

Qaraqalpaq xalqında duwtar shertip, qosıq aytatuǵın óner iyesi baqsı dep ataladı. Baqsı ashıqlıq dástanların atqarıwı menen Orta Aziya ellerinde keń taralǵan. Qaraqalpaqlarda "baqsı", ózbek hám túrkmenlerde "baxshi", qazaqlarda "jırshı", Ázerbayjanlarda "ashug", gruzinlerde "mısagan", Armiyanlarda "gusan" sózleri xarakteri jaǵınan ulıwma uqsaslıǵın ǵana ańlatıp qalmastan, olardıń atqarıwshılıq ónerininde jaqınlıǵın kórsetedi. Baqsıshılıq ónerınıń bunday jaqınlıqları olardıń kóp ásirlik ekonomika hám mádeniy baylanıslarınıń tereń tamırlarınıń keń en jayıp urqan atqanlǵınan derek beredi. Qaraqalpaq muzıka mádeniyatı tarawında baqsıshılıq óneri ózleriniń atqarıwshılıq jollarına qaray bir qansha mekteplerge bólinedi. Filologiya ilimleriniń doktorları N. Dáwqaraev, Q.Aymbetovlar baqsıshılıq mektebin Muwsa hám Súyew mektebi dep ekige bóledi. Olardan burında bir neshe baqsılar bolıp bul jollarda aytıp kelgen, bıraqta kóbisiniń atı málim emes ekenligin aytıwımız kerek. Muwsa hám Súyewlerden ilgeri Xorezm jerinde "Shaǵataylı" atı qosıq bolıp tillerge dástan bolǵan ápsanalıq baqsı Eshbay ótken. Ol pútkil Xorezm oypatlıǵında jasawshı ózbek, qaraqalpaq, túrkmenler arasında keńnen belgili bolıp, onı ózbeklerde, qaraqalpaqlarda, túrkmenlerde ózlerimizdiń baqsımız desedi.

Uzaq dáwirlerden berli áyne qaraqalpaqlar arasında onıń mádeniyatınıń, úrp-ádet dástúrleriniń tikleniwine, rawajlanıwına tiykar salǵan jıraw hám baqsılarımız dep bilemiz. Házirgi kúnge shekem jetip keliwinde jıraw baqsılarımız qansha basqıshlardı ótip keldi, aytatuǵın bolsaq bir waqıtları bul tarawǵa itibar berilmey qalǵan. Bıraq 1992-jılı Muzika hám

kórkem óner bilim jurtında onıń direktorı M. Kamalovtıń baslaması menen usı bólim ashılıp keńnen rawajlandı. Atap ótetuǵın bolsaq sol dáwirde jasap ótken Genjebay Tilewmuratov, Turǵanbay Qurbanov, Jaqsılıq Sırımbetov, Qoshqarbay Qosjanov, Karimbay Tnıbaev sıyaqlı kóplegen jıraw hám baqsılarımız xalqımızdıń kewlinen shıqtı dep oylaymız. Sebebi házirgi kúnde olardıń áwladları keyingi áwladlardı tarbiyalawǵa mıyassar bolıp atır. Ázelden kiyatırǵan qaraqalpaq xalqınıń ata miyrası bolǵan jırawshılıq óneri XIV ásirden baslap Soppaslı Sıpıra jırawdan házirgi kúnge shekem ustaz shákirt jolı arqalı jetip kelgen. Qobız áspabında tiykarınan jırawlarımız atqaradı. Olardıń repertuarında tiykarınan terme tolǵaw, qáhármanlıq, batırlıq dástanlar bolıp olardan “Alpamıs”, “Edige”, “Qırıq qız”, “Qoblan” h.t.b. orın alǵan. Jırawlar atqaratuǵın qobız áspabı ilimiy dereklerde tiykarınan IX-X-ásilerden Qorqıt ata onıń tiykarshısı esaplanıp házirgi kúnge shekem ata miyras esabında bizge jetip kelgen hám bul tarawdı ullı jırawlarımız elede rawajlandırıp, házirde maqtana alatuǵın dárejelerge jetkizip atır.

Sebebi bizlerdiń jıraw baqsılarımız shet el mámleketlerinde joqarǵı jetiskenliklerge erisip qaraqalpaq jırawshılıq kórkem ónerin tanıtıp atır. Jırawshılıq óneri qaraqalpaq mádeniyatında ullı dúrdanalardıń biri desek adaspaymız, sebebi házirgi kúnde bul taraw boyınsha kóplegen jańalıqlar, is-ilajlar alıp barılıp atırǵanı tek ǵana mámleketimiz boylap emes, al shet el mámleketleri boylap da alıp barılıp atır. Búgingi globallasıw zamanına kelip bul tariyxıy kórkem óner itibardan shette qalmadı. Mámleketimiz basshısı baslaması menen baqsıshılıq mektepleri iske túsirilgeni áyne baqsıshılıq tarawın jaqsılaw, saqlaw, házirgi jas áwladqa jetkiziw ushın jaqsı sharayat jarattı. 2018-jıl 1-noyabr kúni bul tarawǵa tiyisli taǵı bir tariyxıy qarar – Prezidentimizdiń “Xalıq aralıq baqsıshılıq kórkem óneri festivalin ótkeriw haqqında”gı pármanı qabıllandı. Shólkemlestirilgen komitet dúzilip, keń kólemli tayarlıq jumısları alıp barıldı.

Jáne de Prezidentimiz tárepinen “Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı”, “Qaraqalpaqstan xalıq jırawı” siyaqlı ataqlar tastıyıqlandı.

Keyingi jıllarda respublikamizdıń barlıq tarawlarında keń kólemli reformalar ámelge asırılıp atır. Bul reformalar korkem oner, tiykarınan muzika korkem oneri tarawına da tikkeley tiyisli. Sebebi, Ozbekstan Respublikasi Prezidentiniń 2020-jil 26-maydagi PF-6000-sanli “Madeniyat ham korkem oner salasınıń jamiyet turmısındaǵı ornı ham tasirin jane de asırıw ilajları haqqındaǵı” pármanı madeniyat ham korkem oner salasın rawajlandırıw, onin tásirliligin jane de asırıwdı názerde tutadı. Sol sebepli keyingi jıllarda elimizde ayyemgi xalıq namaları, qosıqları hám dastanların jazıp alıw olardı qayta baspadan shıǵarıw, nota toplamların islep shıǵıw boyınsha ken kolemli jumıslar alıp barılmaqta.

Qaraqalpaq milliy muzika miyrasların juda bay ham ayyemgi tariyxqa iye. Bul bahasız miyraslardı ilimiy-ameliy tarepten uyreniw, ózlestiriw jumıslarına sońǵı jillarda barǵan sayın kóbirek itibar berilip atır. Tariyxtan belgili, qaraqalpaq milliy muzika úlgilerin dásturge kóre, ustaz-shakirtine awızeki tarizde úyretken. Yaǵnıy, ustaz atqargan nama yamasa qosıqtı onıń shakirti takirarlawı ham sol tıykarda ozlestiriwi kerek bolgan. Bul bir tárepten, shakirttiń tıńlaw ham yadta saqlap qalıw qabiletin rawajlandırǵan. Basqa tarepten bolsa, bul proceste ustaz oz shakirtiniń qate-kemshiliklerin korsetken, usınıń menen birge, shakirtınıń tarbiyası da ustazdıń waziypasına kirgen. Elimizde XX asirdiń birinshi yariminan baslap qaraqalpaq xalıq namaların notaga túsiriw ham qayta islew boyınsha jumıslar alıp barıldi. 1936-jılı talantlı jaslardı keńnen tanıtıw maqsetinde olardıń dawısın gramplastinkaǵa alıw maselesi qoyıldı. Sogan baylanıslı Tórtkulde talantlı jaslar ortasında jarıs ótkerilip, uzaq tayarlıqlar kórile basladi. Bulardıń ishinde eń saylandiları: J.Shamuratov, E.Qospolatov, I.Patullaev, Q.Ametovlardi tańlap alıp, 1939-jılı aprel ayında Moskvada kop ǵana koncertler beredi. Gramplastinkaǵa J.Shamuratovtıń atqarıwında shayır T.Seytmamutovtiń “Maksim Gorkiy” ham “Nama basi” sazın, I.Patullaevtıń basshılıgındaǵı ansambldiń atqarıwında “Qara jorǵa”, “Nar iydirgen” sazı ham oziniń atqarıwında “Qızıl kolxoz” namaların tusirıp aladı.

A.Shamuratova "Arıwxan", "Bozataw", "Balent shıǵıp názer salsam", "Lenin", "Qawender", "Shımbay", "Muńli qiz", "Zarli qız", "Aqsungúl", "Xansayat", "Nigarim", "Ayjamal", "Jaman shıǵanaq", "Qızlar uyge kir" ham "Qońırat" namaların atqaradı ham gramplastinkaǵa jazdıradı. 1937-jili Ózbekstan qaniygeleriniń jardemi menen qaraqalpaq xalıq namaların jiynap, jazıp alıw ham basip shıǵarıw maselesin qoyadı. Sol jılları teatrdıń muzikaliq boliminin basqarıwshısı kompozitor D.Tumanyan tarepinen 40 tan aslam xalıq qosıqların jazıp alıp notalastırıladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Sh.Mirziyoyev "Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz". Toshkent. "O'zbekiston". 2017-y. 217 b.
2. Kalkanatov, Asilbek. "PROFESSIONAL QUALIFICATION OF THE MANAGER IN THE CULTURAL FIELD." JOURNAL OF ECONOMY, TOURISM AND SERVICE 2.9 (2023): 19-23.
3. Kalkanatov, Asilbek. "THE IMPORTANCE OF MANAGING THE PARTICIPATION OF CULTURAL AND ART INSTITUTIONS AND ORGANIZATIONS IN CULTURAL ACTIVITIES." Journal of Innovation, Creativity and Art 2.9 (2023): 7-10.
4. Abatbaevna, Saparbaeva Gulshira, and Qolqanatov Asilbek Nazarbaevich. "History of the Development of Spiritual and Educational Processes in Karakalpakstan." (2023).
5. ЮЛДАШЕВА, Манзура, and Асылбек КОЛКАНАТОВ. "ПУТИ ФОРМИРОВАНИЕ ЭКОЛОГИЧЕСКОЙ КУЛЬТУРЫ МОЛОДЕЖИ В СОЦИОКУЛЬТУРНОЙ СРЕДЕ." Journal of Culture and Art 1.1 (2023): 16-20.
6. Zokirovich, Muminmirzo Kholmuminov, and Asilbek Kolkanatov Nazarbaevich. "A LOOK AT THE HISTORY OF CLUB ESTABLISHMENTS AND CULTURAL AND EDUCATIONAL PROCESS IN UZBEKISTAN." Galaxy International Interdisciplinary Research Journal 10.2 (2022): 37-44.
7. Юлдашева, Манзура, and Асылбек Колканатов. "OILAVIY DAM OLISH MADANIYATINI RIVOJLANTIRISHDA IJTIMOIY VA MADANIY MARKETING." Scientific journal of the Fergana State University 3 (2022): 6-6.
8. Xolmo'Minov, Mo'Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "MUFASSAL MUSHOHADALAR ME'MORIDAN MUFASSAL MUSHOHADALAR MEROJI." Oriental Art and Culture 3.2 (2022): 568-580.
9. Yuldasheva, Manzura, and Asilbek Qolqanatov. "O 'ZBEKISTONDA MUZEY MENEJMENTI VA UNI TAKOMILLASHTIRISH XUSUSIYATLARI." Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 254-260.
10. Xolmo'Minov, Mo'Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "O'ZBEKISTONDA MADANIY-MA'RIFIY ISHLAR VA KUTUBXONALAR FAOLIYATI (XX ASR TAJRIBALARIDAN)." Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 281-290.
11. Kholmuminov, Muminmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "The Formation of the First Libraries in Uzbekistan and the Role of Increasing the Cultural and Educational Awareness of the Population." International Journal on Integrated Education 4.12 (2021): 146-151.
12. Kolkanatov, Asilbek. "IFTIKHORI TIMSOLI TUMOR BRANCH." JOURNAL OF HEALTHCARE AND LIFE-SCIENCE RESEARCH 2.11 (2023): 67-69.

13. Nazarbay o‘g‘li, Qolqanatov Asilbek. "OMMAVIY TOMOSHA MUASSASALARI FAOLIYATI TAHLILI." Academic Integrity and Lifelong Learning (France) 2 (2023): 15-21.

14. Kalkanatov, Asilbek, Shahabatdin Makhamatdinov, and Islam Urazbaev. "ACTIVITIES OF NEW KARAKALPAKSTAN CULTURAL CENTERS: REFORM AND ANALYSIS." Art and Design: Social Science 3.01 (2023): 1-4.

15. Xolmo‘Minov, Mo‘Minmirzo, and Asilbek Qolqanatov. "HIMMATNING QIYMATI ILM VA TAFAKKUR XAZINASI." World of Philology 2.1 (2023): 59-64.

16. QOLQANATOV, Asilbek. "“O ‘ZBEKKONSERT” DAVLAT MUASSASASI FAOLIYATI: TADQIQOT VA TAHLIL." TA’LIM VA INNOVATSION TADQIQOTLAR 12 (2023): 8-14.

17. Nazarbai, Kolkanatov Asilbek. "NEW VOICE IN UZBEK DIRECTION." Journal of Innovation, Creativity and Art 2.12 (2023): 65-70.

18. Alfiya, Qolqanatova. "Milliy Musiqa San’ati Va Yoshlar Tarbiyasi." Journal of Creativity in Art and Design 1.2 (2023): 16-20.

19. QOLQANATOV, Asilbek. "MA’DANIYAT VAZIRLIGI VA MADANIYAT MARKAZLARI: TARIXIY TARAQQIYOT JARAYONLARIDAN." News of UzMU journal 1.1.1. 1. (2024): 16-20.

20. Nazarbay o‘g‘li, Qolqanatov Asilbek. "OMMAVIY TOMOSHA MUASSASALARI FAOLIYATI TAHLILI." Academic Integrity and Lifelong Learning (France) 2 (2023): 15-21.

21. Nazarbaevna, Qolqanatova Alfiya, and Kojalepesov Sultanbay Serjanovich. "The Importance of Scenario in Cultural Events." EUROPEAN JOURNAL OF INNOVATION IN NONFORMAL EDUCATION 4.2 (2024): 259-262.

22. https://cyberleninka.ru/article/n/baqsilar-ha-m-baqsishiliq-mektepleri
23. https://web-journal.ru/index.php/journal/article/view/1303
24. https://science.uzdknf.uz/index.php/science/article/view/127/102

WORDLY
KNOWLEDGE